


LÈ W FÈ KONPÒS AK RÈS MANJE (DECHÈ ALIMANTÈ), SA ANPECHE YO ALE NAN DEPOTWA FATRA EPI LI DIMINYE GAZ KI CHOFE PLANÈT LA

→
Transfòme rès manje ak 'dechè' (fatra), an yon fason
entèlijan pou ede klima.

KONPÒS FÈ TÈ A
VIN PI RICH, LI
DIMINYE FATRA EPI
LI EDE KONTWOLE
GAZ KI CHOFE
PLANÈT LA.



A photograph of a green and white biogas digester in a rural setting. The digester has a green corrugated metal base and a white dome-shaped top. It is situated in a grassy field with a large, leafy tree behind it. In the background, there is a field of golden-brown crops under a blue sky with white clouds.

ÈSKE W TE KONNEN GEN KÈK FÈM KI FÈ
LÈT NAN MASSACHUSETTS KI ITILIZE
RÈS MANJE (DECHÈ ALIMANTÈ) AK
FIMYE POU FÈ ENÈJI RENOUVLAB NAN
FÈM YO?

Digesyon san lè (anayewobik), se yon nouvo fason fèm yo jere
fatra òganik epi fè enèji.



OU KA FÈ KONPÒS LAKAY OU TOU

Ankouraje tout inisyativ ki la pou fè tè a vin pi bon pou plante, pou fè sa, sipòte pwogram lokal yo, fè benevola, fè konpòs lakay ou oswa nan kominote ou.